Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Общеобразовательная школа-интернат среднего общего образования г. Алагир».
(ГБОУ школа-интернат г. Алагир)

РАССМОТРЕНО	СОГЛАСОВАНО	УТВЕРЖДЕНО
МО нач.классов	Заместитель директора	Директор ГБОУ школы-интернат
____________ Хлоева З.Г.	________ Амбалова А.Н.	________ Качмазов А.К.
		Приказ № 114 от 01.09. 2023 г.

АДАПТИВОН КУСÆН ПРОГРАММÆ

«ИРОН ЛИТЕРАТУРОН КÆСЫНАДÆЙ»

4 - æм къласæн

для учащегося 4 «Б» класса
(Вариант 7.1)

Составитель:
Козырева З.В.
учитель начальных классов

г. Алагир
2023г.

Ахуырадон программæйы иумæйаг характеристикæ

Литературон кæсынад райдайæн скъолайы у сæйрагдæр предметтæй иу, уымæн æмæ ам сабитæ базонынц кæсын, текстимæ кусын, ныв æмæ фæлгонц уынын, мадæлон æвзаг æмбарын æмæ ахуыр кæнын, аив литературæйæн аргъ кæнын. Уый та ахъаз у иумæйаг рæстæн, удварны æмæ эстетикон хъомыладæн.
Ирон литературон кœсынады размœ œвœрд ис ахœм нысантæ æмæ хæстæ:
- сывæллæтты кæрæдзиимæ иронау дзурын сахуыр кæнын;
- иумæйаг ахуырадон зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæнын;
- ныхасы рæзтыл кусын;
- фылдæр базонын æмæ интеллект уæрæхдæр кæнын;
- мадæлон æвзаджы фæрцы сывæллоны алывæрсыгæй хъомыл кæнын;
- хъазты хуызы кæнæ æндæр методикон фæрæзты фæрцы сывæллæтты эмоциона-лон уавæр рæзын кæнын;
- зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ тырнындзинад гуырын кæнын.
Ног стандартты домæнтæ арæзт сты уымæ, цæмæй Уæрæсейы цæрæг алы адæмыхаттæн дæр йе ´взаджы кад сæхи ´хсæн бæрзонддæр ист æрцæуа, цæхгæр фæхуыздæр уа йæ ахуыр кæныны уавæр. Уыцы домæнтæ сæххæст кæнынæн быдур райдайæн скъолайы æвæрд кæй æрцæуы, уымœ гœсгœ бæрæггонд æрцыдысты программæйы:
сæйраг идея - скъоладзауы ахуыры процессы сæйраг архайæг уæвынмæ сразæнгард кæнын.
сæйраг хицæндзинад – скъоладзаутæн комплексон æгъдауæй ирон литературон кæсынады æгъдæуттæ бацамонын.
спецификон хицæндзинæдтæ:
- текстыл бакусын куыд ныхасы иуæгыл;
- ирон литературон уацмысы дзырдты аивдзинад æмæ сæ хицæндзинæдтæ жанр-тæм гæсгæ æвзарын;
- ирон литературон уацмысы æвзаг æмæ сывæллæтты ныхасыл уыцы иумæ кусын;
- уацмысыл æмæ ирон сывæллæттæн фыст чингуытыл иумæйагæй кусын;
- сывæллæттæн тексты тыххæй зонындзинæдтæ дæттын;
- ирон аивадон-литературон уацмысы мидис æмбарын кæнгæйæ сабиты миддуне хъæздыгдæр кæныныл кусын.

Программæ домы, цæмæй 4-æм къласы скъоладзаутæ зоной:
-тексты сæйрагдæр хъуыды рахицæн кæнын,
-уацмысы мидис хи ныхæстæй радзурын,
-тексты аивадон æууæлтæ иртасын,
- дзырдты нысаниуæг æмбарын.

Кæсыны программæйы сæйраг нысантœ сты:
1.Сабиты чиныг кæсынмæ разæнгард кæнын;
2. Ахуырдзауты сахуыр кæнын хъуыды кæнын;
3. Ирон, уырыссаг æмæ æппæтдунеон литературæйы хуыздæр уацмысты фæрцы сывæллæтты миддуне хъæздыгдæр кæнын.

Кæсыны программæйы сæйраг хæстæ:
1. Чиныг кæнæ хицæн уацмысы мидис æмбарын.
2. Литературон уацмыстæ жанртæм гæсгæ æвзарын зонын.
3. Сывæллæттæн фыст ирон литературæйы зындгонддæр авторты зонын; цы уацмыстæ ахуыр кæнынц, уыдоны авторты зæрдыл дарын.
4. Уацмысы архайджыты мидуавæр æнкъарын.
5. Цардмæ эстетикон æнкъарæнтæ гуырын кæнын.
6. Сывæллæтты дунеæмбарынад уæрæх кæнын.
7. Сывæллæтты ныхас хъæздыг кæнын.
8. Скъоладзауты чиныг кæсынмæ разæнгард кæнын.

Текстыл кусгæйæ 4-æм къласы ахуырдзауты ныхасы арæхстдзинад рœзынгæнæн мадзæлттæ сты:

1) кæсыны арæхстдзинад (дзырдгай каст, хъуыдыйадгай каст, абзацгай каст, раст æмæ æмбаргæ каст, хуыздæр кæсæджы конкурстæ æмæ ерыстæ аразын, тагъд кæсынил фæлтæрын);
2) аив кæсын æмæ дзурын: (хъæрæй æмæ хинымæры каст, раст дикци аразын, хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты раст артикуляцийыл кусын, тагъддзуринæгтæ кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцын, рольтæм гæсгæ кæсын).

4-æм къласы кæсыны программæ бæрæг кæны практикон хæстæ дæр:

- текст æмбарын æмæ иумæйаг культурон кæсыны арæхстдзинадæй пайда кæнын;
- чиныг кæсынил æнувыд уæвын;
- алыхуызон информацитимæ кусын;
- ныхас кæныны, фыссыны æмæ коммуникативон культурæйы зонындзинæдтæй пайда кæнын;
- аив литературæйы царды æцæгдзинадмæ цы эстетикон цæстæнгас ис, уымæ гæсгæ хи дарын;
- уацмысы архайджыты удварны хорз миниуджытæ фæзмын.

Ахуырадон предмет «Литературон кжсынад»- ы иумжйаг характеристикж:

4-жм къласы скъоладзаутжн кжсыны жрмжгжн жвзжрст жрцыдысты: ирон, уырыссаг жмж жппжтдунеон аджмон сфжлдыстыды уацмыстж, ирон, уырыссаг жмж жппжтдунеон классикты аивадон жмж зонынадон уацмыстж. Программжмж хаст жрцыдысты литературжйы жппжты сжйрагджр жанрты уацмыстж: аргъжуттж, жмдзжвгжтж, баснятж, радзырдтж.

Сывжллжттж чиныджы тексттимж кусгжйж базонынц алыварсы дунейы сусжгдзинждтж, зонгж кжнынц се 'мгжртты цардимж, ахуыр кжнынц фжллой кжнынил, сж кжрждзиимж хжларжй цжрынил, сжвзжры сжм Райгуыржн бжстжмж уарзондзинады жнкъаржнтж. Ахуыры процессы ржзы сж социалон-удварнон жмж эстетикон фжлтжрддзинад.

Ныхасы жмж кжсыны хуызтж. Ацы хаймж хаст жрцыдысты ныхасы жмж кжсыны архайды жппжт хуызтж джр (кжсын, хъусын, дзурын жмж фыссын) жмж алыхуызы тексттимж куыст. Ам сжйрагджр у скъоладзауты ныхасы культуржйыл куыст, сж коммуникативон аржхстдзинад сын жхххжст кжнын. Сжйрагджр аржхстдзинад дзы у кжсын.

Кжсыны аржхстдзинад. Скъоладзаутжн 4 азы джргъы сж кжсыны аржхстдзинждтж ивгж цжуынц. Фыццаг уал базонынц ужнггай, дзырдгай кжсын. Уый фжстж дзырдбжстытж жмж хъуыдыйждтж, чысыл радзырдтж, жмдзжвгжтж, аргъжуттж жмж а.д. Дардджр базонынц интонацимж гжсгж хъуыдыйждтж иртасын, тагъдджр кжсын, хи ныхжстжй дзурын. Уый фжстж базонынц орфоэпион жмж интонацион нормжтж, тексты алы хуызтжй пайда кжнын. Уыцы иумж фжцжуы дзургж ныхасыл (хъусын жмж дзурын) жмж кжсыныл ахуыр кжныны куыст.

Скъоладзаутж куыдфжстжмж базонынц хинымжры кжсын жмж жрмжг жмбарын , тагъдджр кжсын жмж бжлвырд ныхасы хжстж жхххжст кжнын. Афтжмжй фидарджр жмж бжрзондджр кжнынц сж кжсыны аржхстдзинждтж.

Программжйы сжрмагонд бынат лжвжрд цжуы аивадон текстимж куыстжн. Литературон кжсынады урокты скъоладзаутж базонынц:

1) текст хжйттыл дих кжнын;
2) алы хай джр анализ кжнын;
3) тексты сжйраг хъуыды хицжн кжнын;
3) текстжн сжргонд хъуыды кжнын;
4) текстмж кжнж тексты хаймж пълан аразын;
5) жнджр кжрон хъуыды кжнын, жмж а. д.
6) тексты сжргондмж гжсгж мидис базонын;
7) текстты хуызтж (жрфыстон, тауржгъон, тжрхжттж);

Программжйы лжвжрд жрцыд литературжйы теорийж хуымжтжг зонындзинждтж:

-литературон уацмысы сжйраг темж жмж идея (радзырды, жмдзжвгжйы, аргъауы); -

-фольклоры чысыл жанрты хицжндзинждтж (уыци-уыциты, жмбисжндты, тагддзуринжгты, ирхжфсжнты жмж а. д.).

Сывжллжттж райдайжн кължсты базонынц метафоржж, эпитет, абарст, ритм, рифмж цы сты, уый.

Базонынц аивадон текст анализ кжнын, наукон-зонадон текстимж йж барын.

Текст кжсгжйж жмж йын анализ кжнгжйж сывжллжттж базонгж вжййынц геройты хорз миниуджытимж: хи дарыны жгъджуттж, сж характертж, фжзминаг жуужлтж, удварны хжзнамж жмж а. д.

3-4-жм кължсты программжйы домжнтж раст ѣххѣстгонд куы ѣрцѣуой, уѣд сывѣллѣттѣн сѣ къухы бафтдзѣн ахѣм фѣстиуджытѣ:

Удгоймагон:

1) Райгуырѣн бѣстѣ – Ирыстон ѣмѣ Уѣрѣсейы историйѣ сѣрыстыр ужвын. Жппѣт адѣмы хѣттытѣн дѣр аргъ кѣнын ѣмѣ семѣ хѣларѣй цѣрын;

2) ѣнѣхъѣн дунемѣ (йѣ ѣрдзы, адѣмы, культурѣты алыхуызондзинадимѣ) сѣм ѣххѣст цѣстѣнгас уыдзѣн;

3) аив литературон уацмыстѣ ахуыр кѣнгѣйѣ сабитѣм аивадон-эстетикон ѣнкъарѣнтѣ ѣвзѣрдзѣн;

4) рѣздзысты сѣ этикон ѣнкъарѣнтѣ, уыдзысты цѣстуарзон ѣмѣ зѣрдѣхѣлар;

5) ѣндѣр адѣмы хатты минѣвары хъуыдыйѣн, культурѣйѣн, историйѣн аргъ кѣнын зондзысты;

6) скъолайы коллективы сѣхи хорз дарынылархайдзысты;

7) жмбардзысты, ѣхсѣнады сын ахуыргѣнинаджы роль кѣй ис, уый; рѣздзѣн сѣм разѣнгарддзинад ахуыры архайынмѣ;

8) удварны нормѣтѣм гѣсгѣ рѣздзæн сѣ хѣдбарад, бѣрнондзинад сѣхи раконд хъуыддѣгты фѣдыл,;

9) рѣздзысты ѣмгѣрттѣ ѣмѣ хистѣртимѣ ѣмгуыстады аржхстдзинждтж, сахуыр уыдзысты конфликттѣ ѣмѣ быцѣутѣй сѣхи хизын, уацмысты геройты ѣмѣ сѣхи конд хъуыддѣгтѣ бардзысты ѣмѣ сыл хъуыды кѣндзысты;

10) сфѣлдыстадон куыстмѣ сѣм мотиваци рѣздзѣн, материалон ѣмѣ удварнон хѣзнатѣм аудгѣ цѣстѣй кѣсдзысты, тырндзысты ѣдас ѣмѣ ѣнѣниз царды уагмѣ.

Метапредметон:

1) сахуыр уыдзысты ахуырадон нысантѣ ѣмѣ хѣстѣ фидар кѣнын ѣмѣ сын сѣ сѣххѣст кѣныны мадзѣлттѣ агурын;

2) базондзысты, ахуырадон архѣйдтытѣ сѣххѣст кѣнынмѣ сѣ размѣ цы хѣстѣ ѣвѣрын хъѣуы, ѣмѣ сын аргъ кѣнын куыд хъѣуы, уый;

3) ѣмбардзысты, ахуырадон архайды сѣ къухы цы ѣнтыстдзинѣдтѣ бафтыд, кѣнѣ нѣ бафтыд, уыдоны аххосѣгтѣ, ѣмѣ сѣ сѣххѣст кѣнынѣн цѣуыл бакусын хъѣуы, уый;

4) зондзысты, коммуникативон ѣмѣ зонындзинѣдтѣ райсыны хѣстѣ сѣххѣст кѣнынѣн цавѣр ныхасы мадзѣлттѣй спайда кѣнын хъѣудзѣн, уый;

5) базонгѣ уыдзысты информаци агурыны алы фѣрѣзтимѣ: бѣрѣгуѣттѣ, дзырдуѣттѣ, энциклопедитѣ ѣмѣ жнд.

6) базондзысты, нысан ѣмѣ хѣстѣм гѣсгѣ, тексттѣ ѣмбаргѣ каст кѣнын, дзургѣ ѣмѣ фысгѣ ныхас раст рацаразын;

7) сѣ бон уыдзѣн диалогы архайын, искѣйы хъуыдыимѣ разы уѣвын, ѣмгѣртты цѣстѣнгасѣн аргъ кѣнын;

8) арѣхсдзысты иумѣйаг хъуыдджгты архайынмж, хи ѣмѣ кѣрѣдзийы куыст бѣрѣг кѣнынмѣ;

9) сахуыр уыдзысты сѣхи ѣмѣ се 'мбѣлтты хидарыны ѣгъдѣуттѣн аргъ кѣнын;

10) базондзысты, конфликттѣ куыд мынѣггѣнгѣ сты, уый ѣгъдѣуттѣ.

Предметон:

1) ѣмбардзысты, литературѣйы фѣрцы (куыд националон ѣмѣ ѣппѣтдунеон культурѣйы хай) хъахъхъѣд кжй цѣуынц удварны хѣзнатѣ ѣмѣ традицитѣ;

2) ѣнкъардзысты, хи рѣзтѣн чиныджы кѣсын цы пайда у, уый; фидар кѣндзѣн сѣ дунеѣмбарынад: Райгуырѣн бѣстѣ ѣмѣ йѣ адѣм, культурѣ, хуымѣтѣг этикон ѣгъдѣуттѣ, хорздзинад ѣмѣ хѣрамдзинад, цѣсгом ѣмѣ намыс; рѣздзѣн сѣм иудадзыг кѣсыны домѣн;

3) фѣнддзѣн сѣ, цѣмѣй дарддѣры ахуыры ѣнтыстджындѣр уой, ома сѣ иумѣйаг ныхасы рѣзт бѣрзонддѣр кѣна, хъѣрѣй ѣмѣ хинымѣр кѣсын базоной; аив, наукон, ахуырадон тексттѣн хуымѣтѣг анализ кѣнын фѣразой;

4) зондзысты касты алы хуызтњй (хъуыдыгњнгњ, њвзаргњ, агургњ) пайда књнын; њмбардзысты алыхуызы текстты спецификњ, архайдзысты сњ анализы, архайджыты раконд хъуыддњгтњн аргъ књндзысты, сњ удварны хорз књнњ њвзњр миниуджытњ сын иртасдзысты;

5) сахуыр уыдзысты цымыдисаг литературњ њвзарын, информаци агурын;

6) базонгњ уыдзысты тексты хњрз хуымњтњг анализы хуызтимњ: уацмысы сњйраг хъуыды њмњ цњимњ баст у, уый иртасын, текст хњйттыл дих књнын, сњргонд ын њвзарын, хуымњтњг пълан ын аразын, хи ныхњстњй йњ дзурын њмњ тексты аивгњнњн мадзњлттњ агурын;

7) арњхсдзысты тексты алы хуызтимњ кусын, агурдзысты наукон, аивадон, ахуырадон уацмысты хицњндзинњдтњ. Практикон њгъдауњй зондзысты иу-цалдњр фысгњ ныхасы хуызњй пайда књнын (таурњгъон – хуызњгмњ гњсгњ текст саразын, тњрхњттњ – фысгњ дзуапп фарстњн, њрфыст – геройы характеристикњ). Бакаст уацмысњн аргъ скњнын.

Скъоладзаутњ сахуыр уыдзысты:

• дарддњры ахуыры књсыны ахадындзинадњн аргъ књнын;
• алы хуызты текстты спецификњ иртасын;
• алы хуызы ситуациты диалогы архайын;
• дзырдимњ кусын;
• уацмысы сњйраг хъуыды раст њмбаргњйњ, рњвдз књсын;
• тексты анализы хњрз хуымњтњг мадзњлттњй пайда књнын;
• коллективон њгъдауњй бакаст уацмысыл ныхас књнын;
• цыбыр аннотаци аразын;
• рольтњм гњсгњ књсын;
• прозаикон текст поэтиконњй хицњн књнын;
• геройы удыхъњд њвдисын;
• аив литературњ, куыд аивады иу хай, зњрдњмњ хњссын;
• тексты эстетикон œмœ удварны хœзнатœ œмбарын œмœ сыл хи хъуыдытœ дзурын;
• авторы позици бœрœг кœнын œмœ гeроймœ хи цœстœнгас œвдисын;
• текст хи ныхœстœй аив (сфœлдыстадон хуызы) дзурын;
• уацмысы мидисмœ кœсынады программæ арæзт æрцыд ног стандартты домæнтæм гæсгæ.

Райдайæн скъола бындур æвæры скъоладзауты зонындзинæдтæн æвзагæй, литературон кæсынадæй, ныхасы культурæйæ, хъомыладæй. Скъоладзаутæ разæнгард кæнынц ахуырмæ, куыстмæ, рæзы сæ хибарæй хъуыдыкæнынад.

Мадæлон æвзаджы ахадындзинад стыр у, уымæн æмæ йæ бындурыл æнцондæр у, иронау цы предметтæ цæуынц, уыдон ахуыр кæнын, уымæй уæлдай, скъоладзаутæ базонынц, мадæлон æвзаг кæрæдзиимæ ныхас кæныны сæйраг фæрæз кæй у, уый.

Ирон æвзаг цымыдисаг æрмæджы бындурыл ахуыргæнгæйæ, скъоладзаутæм сæвзæры сæрыстырдзинад сæ мадæлон æвзагмæ; тырнындзинад йæ базонынмæ. Бамбарынц, раст дзургæ æмæ фысгæ ныхас кæй у адæймаджы иумæйаг културæ æвдисæг.

Райдайæн къæсты скъоладзаутæ хуымæтæг хуызы базонгæ вæййынц литературон æвзаджы нормæтимæ, ныхасы этикетимæ; рæзынц сæ коммуникативон арæхсдзинæдтæ.

4-æм къласы программæйы амынд сты ирон æвзаг ахуыр кæныны ахæм хæстæ:

– скъоладзауты ахуыр кæнын лæмбынæг хъусын, раст дзурын, кæсын æмæ фыссын;
–фонетикæ, лексикæ, дзырдарæзт, морфологи æмæ синтаксисы тыххæй зонындзинæдтæн бындур æвæрын;
–скъолайы агъоммæ скъоладзаутæм æвзаджы тыххæй цы хуымæтæг æмбарынад уыдис, уый сын, грамматикæйы æгъдæуттыл æнцойгæнгæйæ, амонын, куыд бæлвырд системæ;
– каллиграфийыл ахуыр кæнын;
– растфыссынад, растдзурынад æмæ пунктуацийæ хуымæтæг зонындзинæдтæ дæттын;
– скъоладзауты дзырдуат хъæздыг кæнын;
– скъоладзауты фæлтæрын сæ хъуыдытæ бæлвырд æмæ аив дзурыныл.

Программæйы æвзаджы æрмæг лæвæрд у æнцондæрæй зындæрмæ, хуымæтæгдæрæй вазыгджындæрмæ хизыны принциптæм гæсгæ; æвзагæй ног зонындзинæдтæ лæвæрд цæуынц, раздæр цы базыдтой, ууыл æнцойгæнгæйæ.

Æвзаджы алы хæйттæ: фонетикæ, лексикæ, дзырдарæзт, морфологи, синтаксис – кæрæдзиуыл æнгом баст кæй сты, уымæ гæсгæ алы къласы дæр ахуыргонд цæуынц бæлвырд системæмæ гæсгæ.

Райдайæн кълæсты скъоладзаутæ базонынц мыртæ æмæ дамгъæты сæйраг миниуджытæ; лексикон-грамматикон къордты (ныхасы хæйтты) грамматикон категориты тыххæй, сæ хицæндзинæдтæ; дзырдты арæзт; раст дзурын æмæ раст фыссыны литературон нормæтæ. Синтаксисæй дæр райсынц хуымæтæг, фæлæ бæлвырд зонындзинæдтæ.

Цæмæй скъоладзауты хибар хъуыдыкæнынад рæза, уый тыххæй практикон ахуырты рæстæг, стæй, ног теоретикон æрмæг амонгæйæ, хъæуы проблемон методæй пайда кæнын. Уый фæрцы ахуыргæнинæгтæ архайдзысты хи хатдзæгтæ кæнын грамматикон фæзындты тыххæй.

Ахуыргæнæг йæ хъус хъуамæ дара, скъоладзаутæ ног грамматикон æмбарынад кæнæ раиртæст куыд бамбæрстой æмæ сæ пайда кæнын куыд зонынц, уымæ.

<u>Къæлиндарон - тематикон пълан кæсынæй</u>

Урочы номыр.	Урочы темæ	Урочы мидис æмæ равзаринаг фарстатæ	Скъоладзауты зонындзинæдтæм домæнтæ	Нымæц
1	Цæрукъаты Володя «Чиныг»	Æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды – чиныджы фæрцы зонындзинæдтæ райсын.	Зонын: - эпиграф æмæ æмдзæвгæ; - æмдзæвгæйы мидис;	4.09
2	Дзасохты Музафер «Амондджын бон» (скъуыддзаг роман «Дæллаг Ир-æй»)	Авторы тыххæй хуымæтæг зонындзинæдтæ. Радзырды сæйраг архайæг автор йæхæдæг. Автор цавæр рæстæджы кой кæны?	Зонын: - автор æмæ йæ радзырды сæйраг геройы; - радзырды сæйраг архайæджы бæллиц;	8.09
Куыст – цардæн фæрæз (6 сах)				
3	Хацырты Сергей «Фæллойы зарæг»	Æмдзæвгæ бакæсын, сæ хъуыды сын раргом кæнын. Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадыл беседæ.	Зонын: - уацмысы автор æмæ йæ жанр; - æмдзæвгæ кæсын, анализ ын кæнын;	11.09
4	Чеджеты Геор «Сауцъиу æмæ æхсыргур»	Радзырд бакæсын. Кусаг мыдыбындзы хъæлдзæг зарæджы мидис. Æхсыргур – хъал æмæ сæрыстыр.	Зонын: - мыдыбындз æмæ æхсыргуры миниуджытæ; - æхсыргур æмæ сауцъиуы быцæу.	15.09
5	Айларты Измаил «Уарз фæллой»	Авторы тыххæй цыбыр хъусынгæнинаг. Æмдзæвгæ аив кæсын.	Зонын: - авторы æмæ йæ уацмысы сæйраг	18.09

		Цæмæн ис алы хъуыдыйады фæстæ дæр фарсты нысан?	хъуыды; - вазыгджын дзырдты арæзт.	
6	Хуыгаты Ленæ «Авджы сæстытæ»	Радзырд æмбаргæ каст кæнын. Йæ мидис ын бамбарын. Хæйттыл æй дих кæнын. Алы хайæн дæр пълан саразын.	Зонын: - радзырд æмбаргæ каст кæнын; - радзырды мидис; - пълан аразын.	22.09
7	Чеджемты Æхсар «Цъырцъы-раг»	Басня аив, раст хъæлæсы уагæй кæсын. Цъырцъыраджы царды уагыл æрныхас кæнын. Кусын чи нæ уарзы, уымæн фидæн нæй – басняйы сæйраг хъуыды. цæттæ кодта.	Зонын: - аив раст хæлæсыуагæй кæсын; - басняйы сæйраг хъуыды.	25.09
8	Дзесты Куыдзæг «Тегайы бæлас»	Радзырд бакæсын. Йæ сæйраг хъуыды йын бамбарын. Тега цы фæд ныууагъта йæ фæдыл? Цæмæн баззад йæ кой?	Зонын: - радзырд æмбаргæ каст кæнын; - Тегайы фæд йæ фæстæ; - фæллойы нысаниуæг.	29.09
Сæрд (9 сах)				
9	Плиты Харитон «Найынмæ»	Æмдзæвгæ кæсын. Сæрдыгон æрдзы нывтæ. Адæймаг æмæ æрдзы бастдзинд. Сабитæ сæ улæфт доны был уадзынц.	Зонын: - æмдзæвгæйы авторы; - аив кæсын; - сæрдыгон æрдзы ивддзинæдтæ;	2.10
10	Дзасохты Музафер «Хъæддаг бабызы лæппын»	Радзырды сæйраг хъуыды: адæймаг хъуамæ хъæддаг цæрæгойты æххуыс кæна. «Ацы радзырды чи разынд хъæддаг?» – проблемон фарст.	Зонын: - æмдзæвгæ æвзаргæ каст кæнын;	6.10
11-12	Ситохаты Саламджери «Зилгæ мал»	Радзырд кæсын æмæ йын йæ мидис æмбарын. Дыууæ æфсымæры ахаст. Радзырды сæйраг хъуыды. Проектон куыст бакæнын.	Зонын: - æфсымæрты ахаст сæ кæрæдзимæ; - радзырды сæйраг архайæг чи уыди;	9.10
13	Хаджеты Таймураз «Сæрдыгон изæр»	Æмдзæвгæ раст æмæ аив кæсын. Цавæр æнкъарæнтæ æвзæрын кæны? Сæрдыгон хъæуккаг изæр.	Зонын: - æмдзæвгæйы мидис; - фыссæджы æнкъарæнтæ; - цы у олицетворени.	13.10
14	Ситохаты Саламджери «Сæгуыты лæппын»	Радзырд кæсын, хи ныхæстæй йæ дзурын. Диссаджы ныв: бирæгъы лæппынтæ æмæ сæгуыты	Зонын: - хъæддаг цæрæгойты миниуджытæ;	16.10

		лæппыны хъазт. Сæгуыты лæппыны мады фесæфт…	- радзырды мидис; - радзырды сæйраг хъуыды;	
15	Коцойты Арсен «Куысыфтæг æмæ дурын»	Литературон аргъау. Йæ хицæндзинад адæмон аргъауæй. Аргъауы сæйраг архайджыты хæлардзинад. Кæрæдзийы куыд фервæзын кодтой зын сахат.	Зонын: - аргъауы авторы; - æцæг хæлардзинады æууæлтæ; - цæсгæмттæм гæсгæ кæсын.	20.10
16-17	Бæдоаты Хъазыбег «Жоркæ»	Радзырд бакæсын. Йæ мидис ын бамбарын. Сæйраг архайджыты хæлардзинад. Ӕрдзы æрфыст радзырды. Ӕмбæлтты уарзондзинад æмæ æххуыс хърихъуппы лæппынæн.	Зонын: - радзырды авторы; - сæйраг архайджытæ æмæ сæ миниуджытæ; - æвзаргæ каст кæнын.	23.10
Зæххы сой – царды сой (6 сах)				
18	«Ӕвдадзы хос» (вьетнамаг аргъау)	Аргъауы мидис. Аргъауы сæйраг хъуыды. Сылгоймаджы лæггад фæндаггонæн. Цы у «Ӕвдадзы хос»?	Зонын: - аргъауы мидис; - сæйраг архайæджы миниуджытæ.	27.10
19	Хъазиты Мелитон «Иу къусы»	Аргъау кæсын, йæ мидис ын æмбарын. Цæхæрадоны халсарты быцæу. Рольтæм гæсгæ кæсын æмæ беседæ аразын.	Зонын: - аргъауы мидис æмæ авторы; - цы у абзац; - цæхæрадоны халсарты нæмттæ æмæ сæ пайда адæймагæн	10.11
20	Дзесты Куыдзæг «Мæкъуылтæ фервæзын кодта»	Радзырд хæйттыл дих кæнын. Къордты куыст. Нывтыл кусын. Азæмæт æмæ йæ фыды фæлгонцтæ. Фыссæджы цæстæнгас йæ радзырды архайджытæм.	Зонын: - сæргондимæ кусын; - нывыл кусын.	13.11
21-22	Ганс Христиан Андерсен «Дыргъдонгæс æмæ уæздæттæ»	Литературон аргъауы хицæндзинад радзырдæй. Аргъауы сæргонд æмæ йæ сæйраг архайджытæ. Уæздæттæ æмæ сæ кусæджы фæлгонцтæ. Аргъауы дыккаг хайæн сæргонд æрхъуыды кæнын.	Зонын: - аргъауы мидис; - литературон аргъауы хицæндзинад радзырдæй.	17.11
23	Будайты Милуся «Дидинджытæ»	Уацмысы жанр. Уацмысы архайджытæ. Радзырды	Зонын: - текст хинымæр	20.11

		хъомыладон нысаниуæг. Тырнындзинад хистæртæн æххуыс кæнынмæ. Хъæуккаг царды сæрдыгон нывтæ. Дидинджыты рæсугъддзинад.	æмæ хъæрæй кæсын; - Тетейæн характерисикæ дæттын йæ митæм гæсгæ;	
Фæззæг ралæууыд йæ рады (3 сах)				
24	Кочысаты Мухарбег «Фæззæджы нывтæй»	Эпиграфыл кусын. Темæйы сæргондмæ гæсгæ ныхас цæуыл цæудзæн, уый сбæрæг кæнын. Нывыл куыст. Фæззæджы бæрæггæнæнтæ æмæ миниуджытæ.	Зонын: - фыссæджы царды ахсджиагдæр хабæрттæ хуымæтæг хуызы; - нывмæ гæсгæ радзырд аразын.	24.11
25	Айларты Чермен «Бæркадхон»	Уацмыс кæсын. Нывыл кусын. Сюжеты æнахуырдзинад. Бурдзалыг Бæркадхон хоны халсартæ æмæ дыргъты йæ къæбицмæ. Фæртстытæн дзуæппытæ дæттын.	Зонын: - нывыл кусын; - хи ныхæстæй дзурын; - Бæркадхон бурдзалыг цæмæн у?	27.11
26	Цæрукъаты Алыксандр «Бæркадджын фæззæг»	Фæззыгон ивддзинæдтæ æрдзы. Поэты цæстæнгас фæллоймæ, бæркадмæ. Æмдзæвгæ аив, раст хъæлæсыуагæй кæсын. Аивгæнæн мадзал – олицетворени.	Зонын: - æмдзæвгæ аив, раст хъæлæсыуагæй кæсын; - фæззыгон ивддзинæдтæ æрдзы;	1.12
Нæ адæмы ивгъуыд дуджы нывтæ (7 сах)				
27	Хетæгкаты Къоста «Мæгуыры зæрдæ»	Ног темæйыл ныхас. Зæронд дуджы нывтæ Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæйы. Нывмæ гæсгæ куыст – хæхбæсты цард зымæгон. Абоны хæхбæсты цардимæ йæ абарын.	Зонын: - æмдзæвгæйы мидис; - зæронд дуджы царды нывтæ; - хæхбæсты уæззау царды	4.12
28	Гæдиаты Секъа «Уæййаг сывæллæттæ»	Рагзаманты адæмы æбар цард. Æххормаг рæстæг. Хъæздгуыты фыдмитæ. Сывæллæттæ уæй кæнын – æппæты стырдæр фыдракæнд.	Зонын: - радзырды мидис æмæ йæ авторы; - рагзаманты адæмы æнæбар цард; - царды раивд.	8.12
29	Айларты Чермен «Задалески Нана»	Задалески Нанайы сгуыхдзинад. Авторы цæстæнгас Задалески	Зонын: - Задалески Нанайы сгуыхтдзинад;	11.12

		Нанамæ. Сывæллæттæм æмæ Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад – тыхдæттæг фæрæзтæ. Аивадон мадзал – абарст. Æмдзæвгæ аив кæсын. Æмбисæндтыл куыст. Æмхуызон дзырдты нысаниуæг бæлвырд кæнын.	- авторы цæстæнгас Нанамæ. Арæхсын: - автор абарстæй кæм спайда кодта, уыдон агурынмæ; - аив кæсынмæ.	
30	Лев Толстой «Мæгуыр адæм»	Радзырд хæйттыл дих кæнын. Къордтæй куыст – иумæйаг беседæ аразын. Адæмы мæгуырдзинадыл дзурын. Кæрæдзийы æмбарындзинад фæуæлахиз. Æмбисæндты хуызы радзырдæн хатдзæг кæнын. Боныхъæды зонæнтæ зæрдыл дарын.	Зонын: - къорды кусын; - беседæйы активонæй архайын. Арæхсын: - Жаннæйы мийæн аргъ скæнынмæ; - æмбисæндты хуызы радзырдæн хатдзæг скæнынмæ.	15.12
31-32	Константин Ушинский «Куырм бæх»	Радзырд кæсын. Йæ архайды рæстæг æмæ бынат. Уседомы фæлгонц. Йæ диссаджы саргъы бæх Уадсур. Уадсуры æххуыс йæ хицауæн. Уседом йæ дзырд нæ сæххæст кодта. Адæмы тæрхон Уседомæн. Литературæйы теори: этюд.	Зонын: - радзырды архайд кæд æмæ кæм æрцыд; - сæйраг архайджыты; - сæ ахастытæ кæрæдзимæ; - уседомы рæдыд; - бæхы фæлгонцы тыххæй дзурын. Арæхсын: - адæймаг æмæ хæдзарон цæрæгойты ахастытæн аргъ кæнынмæ.	18.12 22.12
33	Чеджемты Геор «Уæйыджы цæссыгтæ»	Сæргондыл кусын. Радзырды мидис. Болайы характеристикæ. Йæ сывæллоны бонтæ. Мады мæт. Бола - хосгæрдæнты. Рольтæм гæсгæ кæсын. Болайы æххуыс хъæлдым мыстæн. Тагъддзуринаг зæрдыл дарын.	Зонын: - Болайы фæлгонц; - Болайы мады мæт; - йæ хицæндзинад иннæ сывæллæттæй. Арæхсын: - Болайы зæрдæхæлардзинадæн аргъ кæнынмæ.	25.12
Зымæг (4 сах)				
34	Хетæгкаты Къоста «Зымæг»	Рагзаманты хæхбæсты цæрæг адæмы зындзинæдтæ зымæгон. Абоны хæхбæсты цардимæ сæ барын. Æмбисæндты	Зонын: - æмдзæвгæйы темæ; - æмдзæвгæйы мидис;	15.01

		хъуыды ӕргом кӕнын.	- поэты зӕрдӕйы уаг ӕмбарын.	
35	Ногбон алы бӕстӕты	Ӕппӕтдунеон бӕрӕгбон – Ног аз. Алы бӕстӕйӕн дӕр – йӕхи Ног аз. Вьетнам, Афганистан ӕмӕ Японы Ног аз.	Зонын: - Ног азы тыххӕй дзурын;	22.01
36	Цӕрукъаты Александр «Фыццаг мит»	Ӕмдзӕвгӕ кӕсын. Зымӕгон ӕрдзы нывтӕ ӕмӕ куыстытӕ. Сабиты зымӕгон хъӕзтытӕ. Мӕргътӕ ӕмӕ цӕрӕгойты зымӕгон цард. Аивадон мадзӕлттӕ ӕмдзӕвгӕйы.	Зонын: - ӕмдзӕвгӕ аив кӕсын; - ӕрдзы зымӕгон нывты хицӕндзинад; - сабиты зымӕгон хъӕзтытӕ.	29.01
37	Хӕмыцаты Албег «Ног аз»	Поэты курдиат Ног азмӕ. Йӕ уарзон ахаст Райгуырӕн бӕстӕмӕ. Зӕронд азӕн фӕндараст. Ног аз цины хабӕрттимӕ, ныфсытимӕ фарны къах ӕрбавӕрӕд! Ӕмдзӕвгӕ – хынцинаг кӕсын.	Зонын: - ӕмдзӕвгӕйы сӕйраг хъуыды; - поэты ахаст Райгуырӕн бӕстӕмӕ; - Ног азы нысаниуӕг сабиты царды.	5.02
Мадӕлты фӕдзӕхст: «Макуы уал уӕд хӕст!» (5 сах)				
38	Плиты Грис «Саби»	Авторы тыххӕй зонинаг. Ӕмдзӕвгӕ аив кӕсын. Хӕсты фыдбылызтӕ. Зӕронд барӕг ӕмӕ сабийы фембӕлд. Тексты синонимтӕ ссарын. Вазыгджын дзырдтӕ: урсбоцъо, цинӕнхъӕл.	Зонын: - авторы ӕмӕ уацмысы мидис; - ӕмдзӕвгӕ аив кӕсын; - хӕсты фыдбылызтӕ.	11.03
39	Къадзаты Станислав «Чысыл лӕвар»	Сӕргондыл кусын. Текст хӕйттыл дих кӕнын. Алы хаймӕ дӕр фӕрстытӕ дӕттын. Алы хайыл дӕр хицӕн къордтӕй кусын.	Зонын: - сӕргондыл кусын; - къорды куысты архайын; - характеристикӕ дӕттын; - мидис ӕмбарын.	18.03
40	Плиты Исӕйы зарӕг	Адӕмон зарджытӕ, сӕ нысаниуӕг. Иссӕйы тох знаджы ныхмӕ. Йӕ ардбахӕрд хӕстмӕ цӕугӕйӕ.	Зонын: - адӕмон зарджытӕ кӕуыл конд вӕййынц; - цӕмӕн хуыйнынц адӕмон.	12.02
41-42	Юрий Яковлев «Дзулы дидинӕг»	Радзырд кӕсын ӕмӕ хи ныхӕстӕй дзурын.Йӕ сӕргондыл ын ӕрдзурын. Радзырды сӕйраг хъуыды,	Зонын: - кӕсын ӕмӕ хи ныхӕстӕй дзурын; - радзырды сӕйраг	19.02

		йæ мидис. Балцы фæстæ Коляйы мидуавæры аивд йæ бабамæ. Дыккаг хайæн сæргонд æрхъуыды кæнын.	хъуыды æмæ мидис; .	
Райгуырæн бæстæ (3 сах)				
43	Джыккайты Шамил «Фарны артдзæст у мæ бæстæ»	Нывыл кусын. Æмдзæвгæйы сæргонд æмбарын кæнын. Поэты сæрыстырдзинад йæ Райгуырæн бæстæйæ. Нæ рагфыдæлты хæрзæгъдæуттæ: цыт, уæздадзинад, уазæгуарзон, адæмæн лæггад кæнын, ныфсхаст уæвын. Æмбисæндтыл куыст.	Зонын: - ныв æмæ сæргондыл кусын; - нæ фыдæлты æгъдæутты сæйрагдæртæ; - кад æмæ бæркады нысаниуæг. Арæхсын: - æмдзæвгæ раст хъæлæсыуагæй аив кæсынмæ; -дзырдты нысаниуджытæ бæрæг кæнынмæ.	26.02
44	Айларты Чермен «Фыдæлты уæзæг»	Радзырд кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурын. Авторы ныхас æнæуд предметтимæ: гæнах, быдыр æмæ Ирыстон. Нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.	Зонын: - радзырд аив кæсын; - хи ныхæстæй йæ дзурын; - нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.	4.03
45	Боситы Ирбег «Æмбаргæ куыдз»	Радзырд кæсын. Йæ мидис ын æмбарын – æфсæддонты балц доны былмæ, Пиратимæ фембæлд, ацæргæ сылгоймаджы раконд хабар, Пираты уавæр йæ хицауы фесæфты фæстæ.	Зонын: - радзырды мидис; - радзырды сæйраг архайджыты; - хи ныхæстæй дзурын.	1.04
Нæ уалдзæг – нæ дарæг (6сах.)				
46	Кочысаты Мухарбег «Уалдзæг»	Ног темæйыл æрдзурын. Уалдзыгон æрдзы нывтæ. Нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.	Зонын: - ног темæйы мидис; - нывмæ гæсгæ кусын.	8.04
47	Соттиты Риммæ «Малусæг æмæ бæрз»	Уалдзыгон нывтæ – Бæрз бæласы цин. Митдоны æрбайсæфт. Малусæджы фæзынд. Малусæг æмæ Бæрзы лымæндзинад.	Зонын: - уацмысы темæ æмæ мидис; - уалдзæджы миниуджытæ.	15.04
48	Чеджемты Геор «Æгас цæуай, дзывылдар»	Æмдзæвгæ аив хъæлæсыуагæй кæсын. Поэты æнкъарæнтæ дзывылдары тыххæй.	Зонын: - æмдзæвгæ аив æмæ хъæугæ хъæлæсыуагæй	22.04

		Дзывылдар – уалдзæджы минæвар. Хи ’нкъарæнтæ æвдисын уалдзæг æмæ дзывылдармæ.	кæсын; - хи æнкъарæнтæ æвдисын.	
49	Мыртазты Барис «Ног хорз æгъдæуттæн царды нæй кæрон»	Поэты фæдзæхст – Иры хорз æгъдæуттæн нæй кæрон æмæ сæ ды ма фесаф.	Зонын: - комментаритимæ кæсын; - зæрдылдаринаг; - тагъддзуринаг.	6.05
50	Хъайтыхъты Азæмæт «Батыры æхцатæ»	Авторы тыххæй цыбыр раныхас. Радзырд хайттыл дих кæнын. Сæргæндтæ сын хъуыды кæнын, хи ныхæстæй сæ дзурын.	Зонын: - уацмысы жанр æмæ авторы ном; - сæргонд хъуыды кæнын; - хи ныхæстæй дзурын.	13.05
51	Туккаты Барис «Сомыгонд»	Радзырд кæсын. Йæ сæйраг хъуыды йын æмбарын.	Зонын: - радзырды сæйраг хъуыды;	20.05